Fekke naa feet ga ak Umar ibnul Xattaab yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: ñaari bis yii Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa tere ñu woor leen: bis bi ngeen di dog seen koor gi, ak beneen bis bi ngeen di lekk seenum Tabaski

Jële nañu ci Abii Ubayd, jaamub Ibn Ashar, mu wax ne: Fekke naa feet ga ak Umar ibnul Xattaab yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: ñaari bis yii Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa tere ñu woor leen: bis bi ngeen di dog seen koor gi, ak beneen bis bi ngeen di lekk seenum Tabaski.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa tere woor bisu feetu Korite ak feetu Tabaski; bu dee feetu Korite bisu dog la ci weeru koor gi, bu dee bisu feetu Tabaski bisu lekk tabaski yi la.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4527